



Kontak ak Syanobakteri yo

Chanjman klimatik la ogmante tanperati yo ak frekans gwo lapli yo sa ki lakòz letan ak lak yo debòde. Tanperati ki cho, limyè solèy la, twòp nitriman ki sòti nan lapli yo ak ma dlo yo, oswa dlo ki pa koule vit favorize kwasans Syanobakteri yo (yo rele tou alg ble-vèt (blue-green algae)). Syanobakteri ka pwodui toksin ki ka lakòz moun ak bêt malad.

Lè Syanobakteri yo miltiplie, yo kreye yon seri efloresans alg danjere, ki souvan fòme akimilasyon vizib ki ka lakòz dlo a parèt yon ti kras dekolore, twoub, oswa fè li sanble ak soup pwa oswa penti. Moun ak bêt ka ekspoze ak Syanobakteri nan manyen li, bwè li, oswa respire li. Eksposizyon an ka anjandre sentòm gastwo entestinal, gratèl sou po, iritasyon nan je, nen, ak göj, ak maladi newolojik oswa maladi nan fwa.

Ki moun ki pi riske?

- Timoun ki pokò gen 5 lane
- Moun ki konn naje, k ap navige, ki konn monte bato, ki konn monte moto akwatik, kayak, oubyen ti kannòt nan lak, letan ak rivyè dlo dous yo.
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb
- Bèt domestik



Ki sa nou ka fè pou sa?

- Toujou verifye si gen pano avètisman nan antre a oswa nan pwen aksè yon espas ki gen dlo
- Konnen ak kisa efloresans alg danjere yo sanble:
 - Dlo ki gen gwo koulè vèt oswa ki ble-vèt
 - Yon kouch kim blanch, tapi, tach oswa pwen vèt, oswa tras ki tankou penti sou sifas dlo a
 - Kondisyon dlo twoub oubyen ki sanble ak soup
- Byen gade eta dlo a, epi, nan ka ou ta gen dout, rete deyò !!
- Chèche jwenn swen medikal si ou antre an kontak ak efloresans alg yo epi si w gen sentòm gastwo entestinal, gratèl sou po, oubyen iritasyon je, nen, oubyen göj

Jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health